

6.- KALAASU ESPAÑOL

Fii mooy kalaas biñiy jànge español. Fii ngay jànge español ya'ak sa moroom yi nga bookkal réew ak ñinga bookkalul réew.

Fi lañulay jàngale español ngir nga mënë wax ak sa moroomu eleew yi waaye tamit ngir nga mënë xam liñulay wax booy jàng yeneen maceer yi, lu deme na matematik , fisik ak simi.

Ci kalaas bi dinañu jànge ci fason yu wute lelee dinañu jàng njàngum mbooloo, lelee kenn kenn lañu koy def. Dinañu jëfëndikoo juumtukaay yu bare lu demeni, ay téere, ay kart, ay afiis wolla yiñue taf ci miir yi. Yooyu yépp nak dañu koy defe ngir yoombalal la nga mënë xam lingay jàng te doo am jafejafe.

Ngay def dëwaar yi lu am solola, te it deel laaj lépp loe xamne xamooko. Bul rusa laajte, amul benn problem, kilay jàngal dina la esplike bamu leer lépp loo ko laaj.

Booy sooga tàambale faw nga juum, dangay yaakaar né kenn xamul lingay wax waaye bul faale ndax loolu lu warla. Danga wara juum ngir ñu jubënti la, noonu ngay xame. Foo toollou nak deel jeema wax sa soxla, loolu mooy tax nga gawa dégg español.

Ci njàngmi dinañu jëfëndikoo ay juumtukaay yu bari, lu demeni widéo, kasetu misik, ay DVD, CD, ordinatëer. Nga jàng español lu am njariñ la, dinala doolli lu bari. Mootax lépp loo xamni mën ngako déf ngir dégg español rekk nanga def, lu demeni seetan tele, dem sinemaa, di waxtaan ak sa xarit yi, di tàggat sa yaram, lépp looy def ci español dinala dimbële ngir nga dégg español.